

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Pola kahirupan sapopoé Urang Sunda, ayeuna geus didominasi ku budaya deungeun anu jauh tina kasundaan, Urang Sunda jiga nu geus teu reueus deui ka budayana sorangan. Nyarita sapopoé gé geus teu resep maké basa Sunda, barudak diwarah ku kolotna pikeun maké basa Indonésia bari jeung teu bener; kalan-kalan basa Indonésia dicampur jeung basa Sunda.

Masarakat Sunda kiwari, hususna nu mukim di kota nganggap basa Sunda téh basa kampung, kuno, tur tinggaleun jaman. Padahal ceuk dina paribasa “basa téh cicirén bangsa”, sumawonna sacara yuridis dina UU Negara RI pasal 32 ayat 2, nétélakeun yén “*Negara menghormati dan memelihara bahasa daerah sebagai kekayaan budaya nasional*”

Sakuduna, basa Sunda bisa dijadikeun alat komunikasi atawa interaksina Urang Sunda dina hirup kumbuhna sapopoé. Basa Sunda ulah dijadikeun basa anu disapirakeun tur diapilainkeun ku urang Sundana sorangan. Ulah nepi ka basa Sunda jadi basa asing di tatar Sunda.

Basa Sunda nu dipaké téh ngandung kaédah atawa adegan nu tangtu kayaning fonologi, tatabasa, semantik jeung pragmatik. Fonologi medar sora basa, tata basa medar kecap, kalimah katut wacana, semantik medar perkara ma’na, jeung pragmatik medar kumaha cara makéna basa.

Ieu panalungtikan patali jeung salasahiji bagéan tina élmu basa Sunda dina widang sintaksis anu medar frasa, klausa jeung kalimah. Ari kalimah téh nyaéta konstruksi gramatik maksimal, anu mangrupa bagian pangleutikna anu ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacana, anu diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu relatif bisa mandiri (Sudaryat, 2009: 180).

Nurutkeun wangunna, kalimah bisa dibédakeun jadi kalimah lengkep jeung kalimah teu lengkep. Kalimah lengkep atawa sampurna nyaéta kalimah anu disusun ku jejer (J), caritaan (C), boh dibarengan ku objék (O), panglengkep (Pal) sarta keterangan (Kat) boh sama sakali teu dibarengan; ngan saukur jejer (J) jeung caritaan (C) wungkul. Sabalikna, ari kalimah teu lengkep mah, nyaéta kalimah anu teu miboga sakurang-kurangna struktur jejer (J) jeung caritaan (C) (Sudaryat, 2011: 37).

Anapon lamun ditilik tina fungsina dina konteks situasi atawa disawang tina respon nu dipiharep, kalimah bisa dibédakeun jadi opat rupa, nyaéta (1) kalimah wawaran (deklaratif), (2) kalimah pananya (interrogatif), (3) kalimah paréntah (imperatif), jeung kalimah panyeluk (interjeksi) (Sudaryat, 2007: 96).

Kalimah panyeluk (interjeksi) nyaéta kalimah anu eusina ngébréhkeun rasa (émosi) panyaturna, upamana waé rasa gumbira, nalandha, kagét, geuleuh, reueus, jst. Dina tulisan sok ditungtungan ku tanda panyeluk (!) (Sudaryat, 2007: 99).

Dina ieu panalungtikan, kalimah panyeluk téh rék ditalungtik maké pamarekan pragmatik. Pragmatik nyaéta élmu makéna basa, anu ngulik hubungan tindak basa jeung konteks tempatna, waktuna, kaayaan nu makéna sarta patalina jeung mangpirang situasi omongan (Sudaryat, 2009: 6).

Kivari, lantaran basa Sunda geus langka dipaké ku urang Sunda, antukna ngabalukarkeun lobana kasalahan dina ngalarapkeun adegan pragmatis kalimah panyeluk nu merenah. Tatakrama nu mangrupa undak-usuk basa Sunda ku Urang Sunda geus tara dipaliré deui dina paguneman sapopoé, hususna dina paguneman-paguneman anu ngandung kalimah panyeluk.

Nilik kana kaayaan sarupa kitu, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan adegan pragmatis kalimah panyeluk. Adegan pragmatis kalimah panyeluk bisa kapanggih dina rupa-rupa ragam basa, di antarana baé, dina ragam basa sastra jeung dina ragam basa non sastra. Dina salasahiji ragam basa sastra saperti dina carpon, adegan pragmatis kalimah panyeluk bisa kapanggih dina dialog para tokohna. Anapon dina ieu panalungtikan, objék anu rék dijadikeun panalungtikan

téh nyaéta ragam basa sastra anu aya dina carpon. Carpon anu dipilih nyaéta kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia.

Panalungtikan ngeunaan kalimah panyeluk, saméméhna kungsi aya, di antarana waé “Adegan Kalimah Panyeluk dina Novel Si Lamsijan Kaédanan Karangan Ki Umbara pikeun Bahan Pangajaran di SMP” (Anggari Ramdiani Rahayu, 2010), “Kalimah Panyeluk dina Novel Babalik Pikir Karangan Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran di SMP” (Rina Irawati, 2005).

Anu ditalungtik ku Anggari Ramdiani Rahayu jeung Rina Irawati nyaéta panalungtikan kalimah panyeluk dina novel anu nyoko kana wangun, adegan, harti, jeung ciri kalimah panyelukna, tapi teu ditalungtik jeung adegan pragmatisna. Éta hal méré gambaran yén kalimah panyeluk masih bisa kénéh ditalungtik, nyaéta tina segi adegan pragmatisna. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Adegan Pragmatis Kalimah Panyeluk dina Kumpulan Carpon *Panggung Wayang* Karya Aam Amila” masih perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan baris diidentifikasi tina adegan pragmatis kalimah panyeluk dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia. Ari unsur-unsur anu diidentifikasi nyaéta data kalimah panyeluk, adegan kalimah panyeluk, ma’na pragmatis kalimah panyeluk jeung tahapan pragmatis kalimah panyeluk.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun. Sangkan leuwih jèntré, gambaran pasualan tina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu dihadap

- a. Kalimah panyeluk naon waé anu kapanggih dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia?

- b. Kumaha adegan kalimah panyeluk dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia?
- c. Kumaha ma'na pragmatis kalimah panyeluk dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia?
- d. Kumaha tahapan pragmatis kalimah panyeluk dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan tèh boga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun adegan pragmatis kalimah panyeluk dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon anu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun adegan pragmatik kalimah panyeluk dina carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia. Ari déskripsina ngawengku

- a. Data kalimah panyeluk;
- b. adegan kalimah panyeluk;
- c. ma'na pragmatis kalimah panyeluk; jeung
- d. tahapan pragmatis kalimah panyeluk.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan hakékatna mah ngabogaan tujuan jeung mangpaat. Mangpaat tina ieu panalungtikan tèh sipatna tioritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban pangaweruh tata basa hususna ngeunaan wujud pragmatis kalimah panyeluk.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat sacara praktis tina ieu panalungtikan nyaéta bisa dipaké bahan ajar pikeun guru jeung mahasiswa

- a. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun gambaran jeung bahan tinimbangan dina ngajarkeren pangaweruh tata basa Sunda hususna ngeunaan kalimah panyeluk.
- b. Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référensi dina mata kuliah anu patali jeung pangaweruh tata basa Sunda.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu skripsi téh dirarancang jadi lima bab. Dina bab I, dipedar perkara kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, anggapan dasar, gurat badag metode panalungtikan, sarta sistematika panulisan.

Dina bab II dipedar landasan tioritik. Medar sababaraha subbab, dina subbab kapragmatisan dipedar perkara kasang tukang historis pragmatik, kalungguhan pragmatik, watesan jeung ciri pragmatik, sarta laku basa jeung konteks situasi omongan. Dina subbab kalimah medar perkara watesan jeung ciri-ciri kalimah, fungsi kalimah, jeung unsur fungsional kalimah. Dina subbab kalimah panyeluk dipedar perkara watesan jeung ciri-ciri kalimah panyeluk, adegan kalimah panyeluk, wangun kalimah panyeluk, wujud pragmatis kalimah panyeluk, jeung tahapan pragmatis kalimah panyeluk. Dina subbab carpon dipedar perkara watesan carpon, kamekaran carpon dina sastra Sunda, jeung struktur carpon.

Dina bab III dipedar perkara desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan nu ngawengku tehnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

Bab IV ngadéskripsiun jeung nganalisis adegan pragmatis kalimah panyeluk dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia, anu ngawengku data kalimah panyeluk, wangun kalimah panyeluk, adegan kalimah

panyeluk, ma'na pragmatis kalimah panyeluk, jeung tahapan pragmatis kalimah panyeluk.

Bab anu pamungkas nyaéta bab V, midangkeun ngeunaan kacindekan tina sakabéh hasil panalungtikan, sarta rékoméndasi kana panalungtikan.

